

## Lwa sou Dwa Moun Vil New York la: Obligasyon biznis yo genyen kòm anplwayè

Komisyon sou Dwa Moun vil New York la se yon resous ki la pou ede biznis vil New York yo konpòte yo kòm anplwayè ki aksepte tout moun epi konfòme yo ak Lwa sou Dwa Moun Vil New York la (NYC Human Rights Law, "NYCHRL"). **Dokiman sa a se yon rezime obligasyon anplwayè yo genyen selon NYCHRL la, ki nan anpil ka pi konplè pase lwa eta ak lwa federal yo.**

### Sa anplwayè yo dwe konnen: NYCHRL la entèdi diskriminasyon

- Li ilegal pou fè diskriminasyon kont anplwaye, estajyè, moun k ap mande travay, ak travayè endepandan baze sou: laj; kazyé jidisyè oswa kondanasyon; sitiyasyon founisè swen; koulè; rapò kredi; andikap; sèks; idantite seksyèl; sitiyasyon imigran; sitiyasyon matrimonyal; sèvis militè; orijin nasyonal; gwosès; ras; reliyion/kwayans; pwofil salaryal; desizyon nan zafè sante seksyèl ak sante repwodiktif; oryantasyon seksyèl; sitiyasyon viktim vyolans lakay, vyolans seksyèl, oswa asèlman kriminèl; sitiyasyon chomè; pwa ak wotè (apati 22 novanm 2023).
- Pifò kondisyon ki nan NYCHRL la valab pou kote ki gen omwen kat anplwaye k ap travay oswa omwen yon travayè domestik. Yon kote moun ap travay pa dwe gen tizonnay seksyèl ladan.
- Anplwaye a plentan yo, anplwaye a tan pasyèl yo, ak estajyè yo (ke yo touche ke yo pa touche) benefisyé pwoteksyon sa a.

### Obligasyon Anplwayè a Selon NYCHRL la:\*

**Edike anplwaye yo sou dwa ak pwoteksyon yo genyen**, sa gen ladan I dwa pou yo pa fè diskriminasyon kont yo poutèt yo fè pati toutbon oswa moun panse yo fè pati kategori ki jwenn pwoteksyon yo nan moman anbochaj la, pandan yo vin anplwaye, ak lè yo sispann anplwaye, ak dwa yo genyen pou yo pa fè reprezay kont yo.

- Bay yon [Deskripsiyon Ekri Pwoteksyon kont Tizonnay Seksyèl yo](#) epi [Afiche Avi Jiridik la](#) nan lye travay la nan lang anglè ak panyòl (li obligatwa pou tout anplwayè) epi pran dispozisyon pou anplwaye yo resewwa chak ane yon [Fòmasyon sou tizonnay seksyèl](#) (li obligatwa pou tout anplwayè ki gen omwen 15 anplwaye).
- Afiche [Avi Akomodasyon pou Gwosès la](#) (Li obligatwa pou anplwayè ki gen omwen 4 anplwaye oswa omwen yon travayè domestik).
- Genyen yon Politik sou Zafè Lèt Manman ak yon Kote ki Apwopriye pou Bay Lèt.** Anplwaye yo gen dwa a yon espas prive ki pwòp, aksesib, kote yo ka jwenn dlo tiyo pou yo bay lèt.
- Se yon bon pratik pou [Afiche Avi Komisyon an sou Dwa yo](#).

Mete yon [Echèl Salè](#) nan Anons Djòb yo. Anplwayè yo dwe di ki salè minimòm ak maksimòm yo panse yo pral peye lè y ap anone pòs vid la.

### Genyen yon Apwòch Aksepte Tout Moun y ap Anboche

- Pa janm poze kesyon sou ni [Pwofil Salaryal](#) ni [Rapò Kredi](#) pandan pwosesis demann djòb la (kesyon sa yo toujou entèdi).
- Pa janm mande enfòmasyon sou [Antesedan Kriminèl](#) (kesyon sa yo entèdi anvan òf kondisyonèl pou pifò djòb yo) oswa pran desizyon defavorab baze sou kondanasyon ki te fèt deja san ou pa suiv pwosesis ki nan NYCHRL la.

**Bay Anplwaye yo Akomodasyon Rezonab.** Sa ka gen ladan I chanjman orè travay, oswa chanjman nan responsabilite travay, oswa modifikasyon bagay oswa lojisyèl sipò pou yon moun ka egzèse fonksyon esansyèl yo nan djòb li, sòf si sa lakòz twòp difikilte pou biznis la.

- Akomodasyon rezonab yo obligatwa pou kategori pwoteje sa yo:

- Andikap; gwosès, akouchman oswa eta sante ki gen pou wè ak sa; obsèvans relijye; sitiyasyon viktim vyolans lakay, vyolans seksyèl, oswa asèlman kriminèl; ak pwodiksyon lèt manman.

### **Aplikasyon:**

- Anplwayè ki gen obligasyon yo selon NYCHRL la dwe respekte Lwa a epitou règ ak pwosedi Komisyon sou Dwa Moun nan. Komisyon an gen dwa chwazi kòmanse yon envestigasyon pou verifye anplwayè yo konfòme yo ak lwa a. Anplwayè yo dwe reponn korespondans ak lèt enfòmasyon Komisyon an voye ba yo.
- Yo ka fè anplwayè ki vyole lwa sou Dwa Moun yo vin rann kont epi fè yo peye sanksyon sivil ki ka rive jiska \$250,000 si vyolasyon an volontè. Epitou Komisyon an ka akòde viktim nan donmaj ak enterè ak lòt reparasyon poutèt detrès emosyonèl, li ka egzije pou transgresè a suiv fòmasyon, epi li ka enpoze lòt reparasyon tankou sèvis kominotè.

### **Kijan pou w Kontakte Komisyon sou Dwa Moun Vil New York la:**

- Pa telefòn: (212) 416-0197.
- Sou entènèt: Nenpòt moun ka rapòte diskriminasyon, kite ti poul san li pa bay non li, jwenn plis enfòmasyon sou dwa ak responsabilite li dapre Lwa sou Dwa Moun nan, oswa enskri nan yon atelye gratis nan NYC.gov/HumanRights.

*\*Avi Jiridik yo, fich enfòmasyon yo, ak lis kesyon yo poze souvan yo sou Lwa sou Dwa Moun Vil New York la disponib nan plizyè lang sou sit entènèt Komisyon an:*

<https://www1.nyc.gov/site/cchr/media/publications.page>.

Lwa eta ak lwa federal yo entèdi diskriminasyon kote moun ap travay tou.